

# 41yèm ane Konferans NYSABE

15-17 Mas, 2018

## KI SA PARAN ELÈV KI AP APRANN ANGLE/ ELÈV KI PALE PLIZYÈ LANG DWE KONNEN POU YO ASIRE YO PITIT YO GRADYE LEKÒL SEGONDÈ

**Marie-Alix Emmanuel**

**and Yves Raymond**

**Resource Specialists**

**NYUSteinhardt**

Steinhardt School of Culture, Education, and Human Development

The Metropolitan Center for Research on Equity and the Transformation of Schools

New York State Language Regional Bilingual Education Resource Network

# TO GRADYASYON NAN ETA NOUYÒK

## APRE 4 an

To gradyasyon nan Eta Nouyòk pou elèv ki te kòmanse klas 9yèm ane an 2013 epi ki gradye nan 4 ane - jen 2017

sougwoup ELÈV	pousantaj
Tout Elèv	80.2%
Elèv ki nan edikasyon jeneral	85.0%
Elèv ki gen andikap	54.2%
Elèv k ap aprann lang angle	26.6%

Nan eta Nouyòk, pousantaj elèv lekòl segondè k ap aprann angle ki kite lekòl se 29.7% e pousantaj elèv ki gen andikap se 11.6%.

# OBJEKTIF SESYON SA A

Paran yo pral jwenn enfòmasyon sou sistèm edikasyon nan Eta Nouyòk, sitou sou lekòl segondè yo.

- Òganizasyon lekòl segondè
- Sa y ap tann nan men elèv lekòl segondè yo
- Kondisyon elèv lekòl segondè dwe ranpli pou yo gradye

# LI PRAN KAT ANE POU ON ELÈV FIN FÈ KLAS SEGONDÈ YO

Otorite lekòl yo espere pitit ou ap akimile yon sèten kantite kredi chak ane pou li kapab rive genyen kantite kredi ki obligatwa pou li diplome nan lekòl segondè

- Klas 9yèm ane – *Freshman* (Elèv ki nan premye ane lekòl segondè)
- Klas 10yèm ane – *Sophomore* (Elèv ki nan dezyèm ane lekòl segondè)
- Klas 11yèm ane – *Junior* (Elèv ki nan twazyèm ane lekòl segondè)
- Klas 12yèm ane – *Senior* (Elèv ki nan katriyèm ane lekòl segondè)

# MEN KI JAN LEKÒL SEGONDÈ YO ÒGANIZE

- Se distri eskolè lokal la ki detèmine longè jounen lekòl la ki se nòmalman 6 èdtan edmi pa jou.
- Pifò lekòl segondè divize jounen lekòl la an 8 peryòd. Manje midi konte kòm youn nan 8 peryòd yo. Gen kèk lekòl segondè ki gen 9 peryòd oswa diferan sesyon (pa egzanp, 1-8 oswa 2-9)
- Jeneralman, yon peryòd dire ant 36 ak 45 minit
- Lekòl segondè yo konn ofri pwogram avan ou apre lekòl ak jou samdi.
- Distri yo/Lekòl yo gen Pwogram Ete pou pitit ou a.

# KI SA Y AP TANN NAN MEN ELÈV LEKÒL SEGONDÈ?

Elèv ki poko gen yon diplòm lekòl segondè gen dwa pou y ale nan yon lekòl leta jiskaske yo gen 21 an.

## **Prezans ak reta**

Tout elèv dwe rive nan lekòl ak nan chak klas alè chak jou.

Si pitit ou a absan, ou dwe fè yon responsab lekòl la konnen.

# KI SA Y AP TANN NAN MEN ELÈV LEKÒL SEGONDÈ? (Kontinye)

## Patisipasyon nan klas

Elèv yo dwe patisipe nan tout diskisyon ak aktivite k ap fèt nan klas la nan fason sa yo:

- Poukont yo
- Ak yon lòt elèv nan klas la
- An ti gwoup
- Ak tout klas la

# REFLECHI – TRAVAY AK YON LÒT MOUN – PATAJE

Fè yon ti diskisyon ak moun ki chita akote w la sou kesyon sa a:

Pou ki sa devwa enpòtan pou elèv k ap aprann lang angle?



# KI SA Y AP TANN NAN MEN ELÈV LEKÒL SEGONDÈ? (Kontinye)

## Devwa

- Ede elèv yo pratike sa yo aprann nan klas la poukont yo
- Ankouraje elèv yo pou yo pran inisyativ ak pou yo pran responsablite pou yo fè yon travay
- Prepare elèv yo pou lòt sijè y ap gen pou yo aprann
- Etabli ladrès nan òganizasyon ak nan jesyon tan
- Ede elèv yo chèche/itilize resous, tankou vizite yon bibliyotèk epi sèvi avèk sit entènèt, elatriye
- Anjeneral, devwa fè pati nòt elèv la fè nan klas la

# KI SA Y AP TANN NAN MEN ELÈV LEKÒL SEGONDÈ? (Kontinye)

- **Disiplin** – konnen sa ki nan kòd disiplin lekòl la epi konprann konpòtman tout elèv yo dwe genyen
- **Eta Nouyòk gen yon lwa ki rele Lwa Diyite pou Tout Elèv, (NYS Dignity for All Students Act [DASA]).** Se yon règleman ki mande pou tout elèv nan lekòl piblik yo gen yon anviwònman ki pa gen diskriminasyon, anmèdman, entimidasyon (entimidasyon sou entènèt)

## NAN KI PWOGRAM YO METE ELÈV K AP APRANN ANGLE AK KI JAN YO BA YO NÒT ?

Ane eskolè nan Eta Nouyòk ka kòmanse an out epi li fini an jen oubyen li ka kòmanse an septanm epi li fini an jen.

- Chak lekòl deside ki jan yo divize ane eskolè a.
  - Pa egzanp, gen kèk lekòl ki chwazi divize ane a an de semès:
    - Septanm rive Janvye
    - Fevriye rive Jen
- Ou ap resevwa twa Kanè pandan chak semès. Dènye kanè ou resevwa nan fen semès la ap montre tout nòt elèv la te fè pandan tout semès la men se dènye nòt yo ki prale sou Relve Nòt (transcript) pitit ou a.
- Nòt yo bay elèv yo soti nan 1 rive nan 100. Se 65 ki mwayèn lan. Yon elèv dwe fè 65 pou li pase yon klas.

# Ki jan yo idantifye elèv k ap aprann angle ak ki jan yo mete yo nan pwogram?

Men etap yo suiv premye fwa ou ap enskri pitit ou nan yon lekòl nan Eta Nouyòk:

- Ou ranpli yon kesyonè sou lang ou pale lakay ou pou yo wè si gen yon lòt lang, apa angle, ou pale nan kay la
- Si ou di gen yon lòt lang, apa angle, ou pale nan kay la, yo fè yon entèvyou enfòmèl ak ou menm ansanm ak pitit ou nan lang angle ak nan lang ou pale nan kay la pou yo wè si pitit ou ka pale angle ak lang ou pale nan kay la
- Yo bay pitit ou a a yon egzamen ki rele “NYSITELL”. Apre sa, yo bay pitit ou a yon egzamen ki rele “Spanish LAB R” si pitit ou a pale panyòl
- Si piti ou pa fè nòt “konpetan” nan egzamen NYSITELL la, yo idantifye l kòm yon Elèv k ap Aprann Angle (ELL an angle)
- Ou patisipe nan yon oryantasyon pou paran nan lang ou pale lakay ou epi yo mete pitit ou a nan pwogram pou elèv k ap aprann angle ou chwazi a

# Ki jan yo idantifye elèv k ap aprann angle ak ki jan yo mete yo nan pwogram

Pwogram pou elèv k ap aprann angle

Pwogram Edikasyon Bileng

Tranzisyon

De Lang

OSWA

Pwogram Angle kòm Nouvo Lang

Pwogram Angle kòm Nouvo Lang ki kanpe pou kont li

Pwogram Angle kòm Nouvo Lang – Entegre

Ki jan yo bay elèv yo kredi?

Yo bay elèv yo kredi adisyonèl pou chak inite Angle kòm Nouvo Lang nan pwogram ki kanpe poukont li a.

Yo bay elèv yo kredi pou chak inite yo pase nan matyè de baz yo tankou angle, matematik, syans oubyen syans sosyal

# NIVO METRIZ ANGLE AK SÈVIS POU ELÈV K AP APRANN ANGLE KÒM NOUVO LANG

- **Pati 154 nan Règleman Komisè a** egzije tout Elèv k ap Aprann Angle oswa ki Pale Plizyè Lang pou yo resevwa enstriksyon an angle ki baze sou nivo konpetans yo nan lang angle a.
- Ou menm ak pitit ou, nou dwe asire nou pwogram lan gen ladan kantite inite enstriksyon nan Angle kòm Nouvo Lang ki egzijib selon nivo konpetans elèv la nan angle, jan yo montre l la a:
- Debitan – “*Entering*” (540 minit pa semenn)
- Entèmedyè fèb – “*Emerging*” (360 minit pa semenn)
- Entèmedyè – “*Transitional*” (360 minit pa semenn)
- Avanse – “*Expanding*” (180 minit pa semenn)
- Konpetan – “*Commanding*” (90 minit pa semenn) - elèv ki rive nan nivo sa a gen dwa pou yo resevwa 2 lòt ane sipò nan Angle kòm Nouvo Lang

**Ki jan pou yon elèv soti nan pwogram pou elèv k ap aprann angle?**

## **OPSYON 1**

- Elèv la fè nòt “Konpetan” nan egzamen “NYSESLAT” la. Se yon egzamen tout elèv k ap aprann angle dwe pran chak ane

## **OPSYON 2**

- Elèv la fè nòt “Avanse” nan egzamen “NYSESLAT” la

### **oubyen**

- Li fè 65 oubyen plis pase 65 nan egzamen Rijenns Angle a

# INITE KREDI ELÈV YO BEZWEN POU YO GRADYE LEKÒL SEGONDÈ


	DIPLÒM LOKAL, DIPLÒM RIJENNS, DIPLÒM RIJENNS AVANSE
<b>Angle</b>	<b>4</b>
<b>Syans sosyal, jan yo montre l la a: Istwa Etazini (1), Istwa Jeneral ak Jeyografi (2), Patisipasyon nan gouvènman (1/2) Ekonomi (1/2)</b>	<b>4</b>
<b>Syans, jan yo montre l la a: Syans lavi (1) Syans fizik (1) Syans Lavi oswa Syans Fizik (1)</b>	<b>3</b>
<b>Matematik</b>	<b>3</b>
<b>Lang ki pa angle (LOTE an angle)</b>	<b>1</b>
<b>Atizay vizyèl, mizik, dans, ak / oswa teyat</b>	<b>2</b>
<b>Edikasyon Fizik (patisipasyon chak semès)</b>	<b>2</b>
<b>Sante</b>	<b>0.5</b>
<b>Kou ochwa</b>	<b>3.5</b>
<b>Total</b>	<b>22</b>

# KI EGZAMEN RIJENNS (EGZAMEN LETA) ELÈV YO DWE PASE? FÒMIL 4 + 1

Tout elèv dwe pase

4 Egzamen Rijenns sa yo:

Youn nan chak matyè + 1



Egzamen altènatif ki pèmèt elèv la ranpli kondisyon + 1 an

- Pase yon klas ki apwouve sou Fòmasyon Pwofesyonèl ak Devlopman Karyè (CDOS an angle) oswa

Syans, Teknoloji, Jeni ak Matematik (STEM an angle)

.Pase yon lòt egzamen Rijenns nan Matematik; oswa

.Pase yon lòt egzamen Rijenns nan Syans oswa

Angle ak syans sosyal (syans imèn)

.Pase yon lòt egzamen Rijenns nan Syans Sosyal oswa

.Pase yon lòt egzamen angle oswa

- Pase yon egzamen ki apwouve sou Karyè ak Ansèyman Teknik (CTE an angle) apre elèv la fin suiv yon pwogram apwouve sou Karyè ak Ansèyman Teknik; oswa

- Pase yon egzamen ki apwouve nan Domèn Atistik; oswa

- Pase yon egzamen ki apwouve nan yon lòt lang ki pa angle (LOTE an angle)



# DIPLÒM RIJENNS NAN LEKÒL SEGONDÈ NAN ETA NOUYÒK

	DIPLÒM RIJENNS POU TOUT ELÈV		DIPLÒM AVÈK APÈL POU TOUT ELÈV	
Egzamen Rijenns oswa elèv la pase yon lòt egzamen Depatman an apwouve	Kantite egzamen	Nòt pou pase	Kantite egzamen	Nòt pou pase
Lang angle kòm premye lang (ELA)	1	65	1	1 Egzamen Rijenns ak nòt 60-64 kote distri a te apwouve apèl la epi nòt 65 oswa pi wo pase 65 nan tout lòt egzamen Rijenns yo
Matematik	1	65	1	
Syans	1	65	1	
Syans Sosyal	1	65	1	
Egzamen Altènatif	Yon lòt Rijenns oswa Fòmasyon Pwofesyonèl ak Devlopman Karyè	65 si se yon lòt Egzamen Rijenns	Yon lòt Rijenns oswa Fòmasyon Pwofesyonèl ak Devlopman Karyè	

# PWOSESIS APÈL POU EGZAMEN RIJENNS

**Tout elèv** ka fè yon apèl pou yon Egzamen Rijenns yo pa pase si nòt yo fè nan egzamen an ant **60 ak 64**

- Tout elèv dwe satisfè kritè yo mande pou fè yon Apèl:
  - Pitit ou an te pran egzamen Rijenns la **omwen de fwa e li pa t pase** l epi l ap mande **Apèl** la;
  - Li te sèvi ak **èd akademik siplemantè** yo bay nan lekòl la nan sijè egzamen sa a (sijè egzamen ki an apèl la) avan li te fè apèl la;
  - **Pase kou** pou matyè l ap fè **Apèl** la, oubyen
  - Pwofesè ki anseye matyè a dwe **rekòmande pou li fè apèl pou Egzamen Rijenns li pa pase a**
  - Sipèntandan dwe apwouve tout apèl
- SI YO APWOUVE YON APÈL EPI ELÈV LA PASE TOUT LÒT EGZAMEN YO AK 65 OUBYEN PI GWO NÒT, ELÈV SA A AP GEN YON DIPLÒM RIJENNS**

## DIPLOM RIJENNS NAN LEKÒL SEGONDÈ NAN ETA NOUYÒK

KONBINEZON TRADISYONÈL		KONBINEZON KI GEN EGZAMEN ALTÈNATIF (diferan de "STEM") LADAN		KONBINEZON KI GEN EGZAMEN ALTÈNATIF "STEM" (MATEMATIK) LADAN		KONBINEZON KI GEN EGZAMEN ALTÈNATIF "STEM" (SYANS) AVANSE LADAN	
<b>Ekri dat pitit ou ranpli kondisyon sa a.</b>							
Egzamen	Dat	Egzamen	Dat	Egzamen	Dat	Egzamen	Dat
Angle kòm premye lang		Angle kòm premye lang		Angle kòm premye lang		Angle kòm premye lang	
Istwa Jeneral ak Jeyografi		1 Syans Sosyal		1 Syans Sosyal		1 Syans Sosyal	
Istwa Etazini ak Gouvènman							
3 Matematik		3 Matematik		4 Matematik		3 Matematik	
2 Syans		2 Syans		2 Syans		3 Syans	
		1 altènatif (diferan de Syans ak Matematik) <u>Oswa</u> Ranpli kondisyon "CDOS" ki nesèsè pou gradyasyon					
Total = 8 egzamen		Total = 7 oubyen 8 egzamen		Total = 8 egzamen		Total = 8 egzamen	
<b>ANPLIS, ELÈV LA DWE CHWAZI 2 KREDI ANPLIS NAN:</b>							
"LOTE" ak egzamen "Checkpoint B" yo devlope onivo lokal <u>OUBYEN</u> yon sekans .5 inite nan domèn atistik <u>oswa</u> "CTE"		"LOTE" ak egzamen "Checkpoint B" yo devlope onivo lokal <u>OUBYEN</u> yon sekans .5 inite nan domèn atistik <u>oswa</u> "CTE"		"LOTE" ak egzamen "Checkpoint B" yo devlope onivo lokal <u>OUBYEN</u> yon sekans .5 inite nan domèn atistik <u>oswa</u> "CTE"		"LOTE" ak egzamen "Checkpoint B" yo devlope onivo lokal <u>OUBYEN</u> yon sekans .5 inite nan domèn atistik <u>oswa</u> "CTE"	

## DIPLOM RIJENNS AVANSE NAN LEKÒL SEGONDÈ NAN ETA NOUYÒK

	<b>KONBINEZON KI GEN EGZAMEN ALTÈNATIF (diferan de "STEM") LADAN</b>	<b>KONBINEZON KI GEN EGZAMEN ALTÈNATIF "STEM" (MATEMATIK) LADAN</b>	<b>KONBINEZON KI GEN EGZAMEN ALTÈNATIF "STEM" (SYANS) AVANSE LADAN</b>
--	--	---	--

**Ekri dat pitit ou ranpli kondisyon sa a.**

Egzamen	Dat	Egzamen	Dat	Egzamen	Dat	Egzamen	Dat
Angle kòm premye lang		Angle kòm premye lang		Angle kòm premye lang		Angle kòm premye lang	
Syans Sosyal - Istwa Jeneral & Jeyografi <u>AK</u>		1 Syans Sosyal		1 Syans Sosyal		1 Syans Sosyal	
- Istwa Etazini & Gouvènman							
3 Matematik		3 Matematik		4 Matematik		3 Matematik	
2 Syans (1 syans lavi ak 1 syans fizik)		2 Syans (1 syans lavi ak 1 syans fizik)		2 Syans (1 syans lavi ak 1 syans fizik obligatwa)		3 Syans (1 syans lavi ak 1 yon syans fizik obligatwa)	
		1 Lòt Altènatif (diferan de Syans oswa Matematik) <u>OSWA</u> Ranpli kondisyon "CDOS" ki nesesè pou Gradyasyon					
<b>Total = 8 egzamen</b>		<b>Total = 7 oswa 8 egzamen</b>		<b>Total = 8 egzamen</b>		<b>Total = 8 egzamen</b>	

**ANPLIS, ELÈV LA DWE CHWAZI 2 KREDI ANPLIS NAN::**

<p>"LOTE" ak egzamen "Checkpoint B" yo devlope onivo lokal <u>OUBYEN</u> yon sekans .5 inite nan domèn atistik <u>oswa</u> "CTE"</p>	<p>"LOTE" ak egzamen "Checkpoint B" yo devlope onivo lokal <u>OUBYEN</u> yon sekans .5 inite nan domèn atistik <u>oswa</u> "CTE"</p>	<p>"LOTE" ak egzamen "Checkpoint B" yo devlope onivo lokal <u>OUBYEN</u> yon sekans .5 inite nan domèn atistik <u>oswa</u> "CTE"</p>	<p>"LOTE" ak egzamen "Checkpoint B" yo devlope onivo lokal <u>OUBYEN</u> yon sekans .5 inite nan domèn atistik <u>oswa</u> "CTE"</p>
--	--	--	--

# Thank You

ありがとう



Merci

Ευχαριστώ

धन्यवाद

Hvala

Bedankt

شكراً

謝謝  
謝謝

ขอบคุณ

Grazie

Gracias

감사합니다  
[kamsahamnida]

Obrigado!

**41ST ANNUAL NYSABE  
CONFERENCE  
March 15-17, 2018**

***NYS Statewide Language RBERN at NYU***

**[nysparenthotline@nyu.edu](mailto:nysparenthotline@nyu.edu)**

***(800) 469-8224***